

Fèy Enfòmasyon

Benefis Konpansasyon Travayè pou ka Lanmò nan Massachusetts

Si ou se mari oswa madam oswa depandan¹ yon travayè ki te mouri akòz blesi ki te rive nan travay, ou ka kalifye pou benefis finansye (benefis pou lanmò) anba konpansasyon travayè. Konpansasyon travayè se yon kalite asirans ke tout travay Massachusetts dwe genyen pou travayè yo.

Èske mari oswa madam ou oswa yon moun ou te depann de li te kouvri anba konpansasyon travayè?

- Preske tout travayè yo kouvri anba konpansasyon travayè. Travayè yo kouvri kèlkeswa kantite èdtan yo te travay pa semèn oswa fason travay la te peye yo. Travayè yo kouvri menmsi yo touche avèk lajan kach “anba tab.”²
- Si travayè yo otonòm, yo kouvri sèlman si yo te pran pwòp asirans konpansasyon travayè yo.
- Travayè yo kouvri menmsi yo pa sitwayen Ameriken. Travayè yo kouvri si yo te travayè imigran e yo pa t gen papyè legal.

Benefis Konpansasyon Travayè pou ka Lanmò kalifikasyon an gen ladan:

- Depans pou antèman jiska uit fwa salè mwayèn chak semèn nan Commonwealth la.
- Benefis chak semèn egal a detyè salè mwayèn travayè ki mouri a, jiska yon kantite maksimòm Commonwealth la etabli. Mari oswa madam ki vivan an ka resevwa benefis sa yo pandan osi lontan ke yo rete depandan e yo pa remarye.
- Si mari oswa madam sivivan remarye, yap peye chak timoun depandan ki kalifye \$60 pa semèn. Kantite lajan total pa semèn ke yo peye timoun depandan yo pa ka depase kantite lajan mari oswa madam lan te resevwa.

Si ou pa t
tande pale
de benefis
sa yo, ou ta
dwe
kontakte
DIA

Kontakte Massachusetts Department of Industrial Accidents pou w jwenn plis enfòmasyon sou benefis konpansasyon travayè pou ka Lanmò travayè epi depoze yon reklamasyon:

Department of Industrial Accidents (DIA)
600 Washington Street, 7th Floor
Boston, MA 02111

1-800-323-3249 x470 (appell gratis)
617-727-4900 x470
www.mass.gov/dia

Pibliye pa Massachusetts Department of Public Health an kolaborasyon avèk Massachusetts Department of Industrial Accidents.

¹ Depandan yo se manm fanmi anplwaye a oswa pwòch ki depann antyèman oswa an pati de salè anplwaye a pou sipò nan moman chòk la oswa nan moman lanmò a.

² Ou dwe anmezi pou pwouve ke mari oswa madam ou te yon anplwaye. Si yo te peye l anba tab, ou ka bezwen yon avoka pou ede w jwenn benefis konpansasyon travayè.

